NEW RENAISSANCE international scientific journal
ResearchBib IF - 11.01, ISSN: 3030-3753, Volume 3 Issue 3

# QARAQALPAQ FOLKLORINDAĠI EPIKALIQ DÓRETPELERDEGI MIFLIK, ERTEKLIK OBRAZLAR

**Shayximanova Dilnoza**
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti, Qaraqalpaq ádebiyatı doktorantı.

https://doi.org/10.5281/zenodo.19346819

***Annotaciya.*** *Qaraqalpaq folklorında epikalıq dóretpelerdegi obrazlar sisteması bir-birinen ózgeshelikke iye hám qızıqlı syujetler payda etiwde úlken xizmet atqaradı.*

*Folklorımızdaǵı hárbir úlken-kishi janrlar óziniń ájayip obrazlar sistemasına iye.*

*Maqalada usınday obrazlardan miflik, erteklik obrazlardıń qaraqalpaq folklorında epikalıq janrlarda qollanılıwı, obrazlardıń salıstırmalı tipologiyası haqqında sóz etiledi.*

***Tayanısh sózler:*** *folklor, epikalıq janrlar, dáw, mástan kempir, aydarha, pir, peri, jeztırnaq, suymurıq qus, mif.*

Qaraqalpaq folklortanıw iliminde mif atamasına eń dáslep túsinik bergen N.Dáwqaraev bolǵan. Ol óziniń "Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxınıń ocherkleri" miynetiniń folklorǵa arnalǵan bóliminde mifke tómendegishe túsinik beredi: "Erte zamanlarda adamlar ilimniń oǵada tómen basqıshında turǵan waqıtlarda túrli tábiyat qubılısların, adamlar jámiyetin túsiniw ushın qıyaldan oylap shıǵarıwǵa urınadı. Jámiyetlik turmıstıń, hár qıylı tábiyat qubılıslarınıń ne ushın hám qalay payda bolǵanlıǵın anıqlaǵısı keledi. Usınıń nátiyjesinde jámiyetlik, tirishilik, turmıs, hár túrli tábiyat qubılısları jóninde qıyal súriw jolı menen qıyalıy ángimeler dóretedi. Mine, usınday shıǵarmalardı ilim tilinde mif deydi.[1]"

Miflik obrazlar – miflik dáwirde ómir súrip, miflik álemdegi nárseniń barlıǵın jasawshı, tirishiliktiń barlıǵın dúnyaǵa keltiriwshi kúsh[2]". Dúnya xalıqları folklorında erteden kiyatırǵan miflik obraz hám miflik syujetler kópshilik xalıqlar awızeki ádebiyatında ushırasadı. Sol sıyaqlı folklorımızdaǵı epikalıq janrlar esaplanǵan ertek, ańız, ápsanalar, dástanlarda adam qıyalınan dóretilgen qıyalıy obrazlar, ájáyip hádiyselerge bay waqıyalar, hár qıylı sıyqırlı elementler ushırasadı. Bunday miflik syujet hám miflik obrazlar dóretpeniń ele de qunlılıǵın arttıradı hám kórkemligin asıradı. Qaraqalpaq folklorında mástan kempir, dáw, peri, suw perisi, aydarha, Qızır Ilyas pirler, jeztırnaq kibi miflik obrazlardı ushıratamız. Yaǵnıy, miflik obraz degenimiz ertedegi xalqımızdıń dúnyaǵa kóz qarasları tiykarında dóregen, adamzat turmısında bolıp atırǵan hár qıylı jaǵdaylar, tábiyattıń hár qıylı kúshleri, hádiyseleri menen baylanıslı isenimler tiykarında dóretilgen qıyalıy obrazlar. Miflik obrazlar uzaq tariyxtan, xalıqtıń belgili bir dáwirdegi sana-seziminen, oy-órisinen derek beredi. Ertedegi adamlardıń oylawı, janlı-jansız zatlarǵa isenimleri tiykarında da usı mifler, miflik obrazlar qáliplesken. Mine, bunday obrazlar qaraqalpaq folklorında da úlken áhmiyetke iye.

Folklorımızda erteklerde, ápsanalarda hám dástanlarda kóp qollanılatuǵın miflik obrazlardıń biri bul – ***mástan kempir*** obrazı. Ertede xalıq ózleri dóretken awızeki dóretpelerde jámiyettegi adamlardıń haqıyqiy obrazın, real turmısın sáwlelendirgen. Sebebi, turmısta hámme birdey bolmaǵan, jaqsı-jaman, miyrimli-miyrimsız, aqıllı-aqılsız adamlardıń xarakterin ashıwda hár túrli obrazlar kelip shıqqan. Sol sebepli de, awızeki ádebiyattaǵı personajlar óz ózinen unamlı, unamsız obrazlarǵa bólinedi. Usınday unamsız obrazlardıń qatarına mástan kempir obrazı da kiredi. Bul obraz derlik barlıq xalıqlardıń folklorında gezlesedi. Bizde awızeki dóretpelerdiń epikalıq janrlarında tiykarınan erteklerde, ápsanalarda hám dástanlarda jiyi

[1] Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. 2-том. – Нөкис: "Қарақалпақстан", 1977. 171-б
[2] Калкабаева С. Коркем образ поэтикасы. Вестник КазНУ. 124-б

ushırasatuǵın bul obraz “Mástan kempir”, “Mástan mama”, “Jalmawız kempir” atamaları menen de aytıladı. Ápsanalarda olardıń kelbeti shashları tozǵan, murınları úlken, búkreygen, sıyqılı jaǵımsız bir hayal adam obrazında sáwlelengen. Olar kóbinese hiyleker, menmen boladı. Bashqurtlar jalmawız kempirdi yaǵnıy mástan mamanı “qızıl kiyim kiyip júriwshi boyı pás hayal” dep kóz aldına keltirgen. Aldaw, siyqır menen aljastırıw, sıyqırlaw jolı menen túrli bále hám tosıqlarǵa jolıqtırıw onıń tiykarǵı qılatuǵın háreketlerinen sanaladı. Qazaq folklorında bolsa, ol adamlarǵa qastiyanlıq oylawshı, batırlardıń jolına tosıq bolıwshı shashı uzın, tırnaqları ósken, ústi bası jupını kiyingen bir personaj sıpatında súwretlenedi. Al, biziń qaraqalpaq folklorında da usı xarakterlerdi mástan kempir obrazında ushıratsaq boladı. Onıń hiylekerligi, aldawshılıǵı, hárdayım jaman niyetti oylap júriwi dástan hám erteklerde ayqın kózge taslanadı. Máselen “Er Ziywar” dástanında:

... Mástanǵa giriptar bolma jániwar,
Jádiw kempir meni aldap nándirdi.[3]

-degen qatarlarında da, mástan kempirge tán xarakter ashıp berilgen. Sonday-aq, “Alpamıs” dástanınıń Qurbanbay jıraw variantında:

Atı Mástan,
Sóylegen sózi dástan,
Toppısı tozǵan,
Góne keseli qozǵan,
Sumlıǵınan jaqtı jáhándi buzǵan...[4]
-dep keltiriledi.

Qaraqalpaq dástanlarında mástan kempir obrazı “Alpamıs”, “Sháryar”, “Er Ziywar”, “Ziynep-Altınǵúl” hám t.b dástanlarda hám qıyalıy erteklerde ushırasadı. Bul epikalıq jırlardıń kópshiliginde mástan kempir obrazı waqıyalardı baylanıstırıw hám dástan syujetiniń ele de qızıqlı bolıwın támiyinleydi.

Dúnya xalıqları mifologiyasında ***aydarha hám dáw*** obrazları kóp sóz etiledi. Bulardan aydarha obrazı sırtqı kórinisi, miflik qásiyetke iye ekenligi menen ózgeshelenedi. Aydarhanıń dúnya folklorında payda bolıwın alımlar b.e.sh III mıńjıllıqta dóretilgen shumerlerdiń “Gelgamesh” jırı menen baylanıstıradı. Sol sebepli de, eń áyyemgi aydarha obrazları shumer, akkad, túrkiy, grek, yapon hám qıtay xalıqları mifologiyasında ushırasadı. Mongollar aydarhanı “Lu” dep ataǵan hám quyrıǵın qıymıldatıp aspanda ushatuǵın, dawısınan shaxmaq shaǵıp, jawın jawatuǵın maxluq dep esaplaǵan. Qazaqlar bolsa onı jılan menen salıstıradı. Bul tuwralı belgili akademik S.A.Qasqabasov: “aydarha negizinde úlken jılan” dep shamalaydı.

Qıtay mifologiyasında aydarha toǵız túrli haywannıń kórinisin ózinde sáwlelendirgen: Onıń bası túyeniki, moynı jılandiki, tırnaqları búrkittiki, denesi shayanǵa uqsas, qolları jolbarıs, qulaqları sıyır, shaxları kiyiktiki hám basqa da haywanlardiki bolıwı múmkin[5]. Túrkiy xalıqları awızeki dóretpelerinde bul obraz hárdayım unamsız, jaǵımsız maxluq sıpatında keltirilse, Qıtay xalıqları mifologiyasında kerisinshe unamlı, batırlarǵa kúsh beriwshi obraz sıpatında súwretlenedi. Máselen, “Tórt aydarha haqqındaǵı Qıtay ápsanasında[6]” aydarhalar yunon batırı Prometey kibi adamlarǵa járdem beriwge umtıladı hám hátte jazalanıwın bilse de, imperatordıń ruqsatısız is qıladı hám xalıqqa suw keltiredi.

---
[3] Қарақалпақ фольклоры. (Көп томлық). IX том. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1981. 173-б.
[4] Қарақалпақ фольклоры. (Көп томлық). I-VIII том. – Ташкент. «Манавият», 2007. 345-б.
[5] Я. В. Чеснов, ДРАКОН: МЕТАФОРА ВНЕШНЕГО МИРА
[6] Китайская легенда о четырёх драконах

Qaraqalpaq folklorında aydarha unamsız, jaǵımsız hám jawız miflik obraz sanaladı. Ol da dáwler sıyaqlı batırlardıń jolına tosıq bolıwshı tiykarǵı kúsh, jawız dushpanı retinde súwretlenedi. Folklorımızda aydarha aldınan shıqqan adamdı, jawdı jutıp jiberiwshi jawız kúsh sıpatında súwretlenedi. Mısalı, turmıslıq erteklerdiń biri "Úsh aǵayinli jigit" erteginde:

*"... Men egerde usı jerde turabersem, aydarha úshewimizdi de jutar, onnansha men oǵan kórinip taslanayın, - degen oy menen basqa jaqqa qasha beredi. Onı kórgen aydarha ishine simirip, bar kúshi menen balanı jutpaqshı bolǵanda qılıshtı bekkem kese tutıp, bala qorqpay tuwra qarap, aydarhanıń jutıwın kútip tura beredi. Sol waqta barlıq kúshi menen tartqan aydarha jigitti jutadı bıraq aydarhanı qılısh keskennen soń qaq ayrılıp, eki jaqqa bólinip túsedi"*[7] -degen qatarlarında aydarhanıń unamsız, jawız háreketlerin kórsek boladı. Sonday-aq, kópshilik erteklerde ol elge búlginshilik salıwǵa, xalıqqa zulım ótkeriwge háreket etedi.

Máselen, "Mashaqatlı turmıs keshirgen jigit" erteginde hárdayım eldi aydarha kelip jutatuǵınlıǵı, "Asan Genje" erteginde qalanıń sırtındaǵı tawda jasawshı bir aydarhanıń qalanı jutıwǵa, qıyratıwǵa tayarlanıp otırǵanlıǵı súwretlenedi.

Dáw obrazı haqqında kópshilik alımlar túrli pikirlerdi bildiredi. Bul obrazdıń kelip shıǵıwı hindi-iran xalıqlarında júdá kóp tartıslarǵa sebep bolǵan. Dáw ataması hár túrli fonetikalıq atamalar menen hindi-evropa tillerinde, sol qatarı túrkiy tilleriniń ayırım xalıqlarınıń mifologiyasında belgili orındı iyeleydi. "Avesto" daǵı dáw kultınıń qásiyetlerin úyreniwge baylanıslı ilimiy jumıslar XX ásirdıń baslarıda qáliplese basladı. L.I.Fraxtenberg, H.Gyuntert, H.Grey kibi ilimpazlar "Avesto" daǵı dáw obrazına baylanıslı sıpatlardı anıqlaw ushın qollanǵan sózlerdi analiz etip, dáwler ushın qollanılǵan unamsız sózler tiykarınan iran tiller menen baylanıslı ekenligin, dáwlerdiń qudaylardan iblislerge aylanıwı da tiykarınan usı til dialektleri tarqalǵan aymaqlarǵa tán degen juwmaqqa kelgen. Ya.Propptıń pikirinshe, tek bunday obrazlar ǵana emes, al qudaylar da jırtqısh haywan kórinisinen áste-aqırın adam kórinisine kirip barǵan.

Dúnya xalıqları mifologiyasında dáwdiń bir kózli dáw túri de bolǵan. Bul folklorlıq dóretpelerde, ayırım qıyalıy erteklerde, fantastikalıq dóretpelerde ushırasatuǵın dáwdiń túri.

Mańlayında bir kózi bolǵan dáwiń bul túri kópshilik shıǵarmalarda unamsız xarakterge iye. Bul kóbinese, qazaq hám basqa túrkiy xalıqlar ádebiyatında ushırasadı. Bir kózli dáw adamxor, jawız bolǵan. Bul tuwralı qazaq xalıq ertegi "Jalǵız kózli dáw", "Aqjan batır" erteklerinde hám túrkiy xalıqlarǵa ortaq "Qorqıt ata" jırında da berilgen. "Qorqıt ata" kitabındaǵı "Tóbekóz dáw menen Bisat" jırında Tóbekóz dáw Aruz xoja menen periden dúnyaǵa keledi.

Onda Peri ushıp baratırıp Aruz xojaǵa: " Sen bul isiń menen oǵuz eline búlginshilik saldıń, kelesi jılı balańdı usı jerge kelip, alıp qal", -deydi. Dástandaǵı bul qatarlardıń ózinen-aq, bul dáwdiń tuwılıwı jaqsılıqqa alıp kelmeytuǵınlıǵın, onıń adamlarǵa zıyanı kóp ekenligin bilsek boladı.

Belgili ózbek folkloristi J.Eshanqulovtıń "Ózbek xalıq awızeki dóretpelerinde dáw obrazınıń mifologik tiykarları hám kórkem xızmeti"[8] dissertaciyasında dáw obrazınıń "Avesto" da da ayrıqsha orın iyeleytuǵının, onda dáwler jawızlıq tımsalı – iblisler (shaytanlar) kórinisinde súwretlenetuǵının aytıp ótken. Zardushtiylik dininde dáwge táńri dep emes, jawız kúsh sıpatında baha berilgen. Bul obraz zardushtiylikte jawızlıqtıń tiykarǵı tımsalı bolıp, "Avesto"da "dayva" dep atalǵan. Túrkiy hám parsı-tájik awızeki mifologiyasında jawızlıq tımsalı bolıp, qorqınıshlı kóriniske iye, zulım hám zorlıq, qanxorlıq yaki jawızlıq kúshlerdiń biri sıpatında beriledi.

---

[7] Qaraqalpaq xalıq ertekleri. Nókis: "Qaraqalpaqstan", 2019. 87-b

[8] Эшонкулов Ж. Ўзбек фольклорида дев образининг мифологик асослари ва бадиий талқини: кон.дисс. – Тошкент. 1996.

Qaraqalpaq folklorında dáw kópshilik ertek hám dástanlardan bólek ańızlarda da gezlesedi. Máselen, "Tók tawı" dep atalǵan ańızda qırsıq dáw tuwralı aytıladı. Dáw xalıq kún kórip atırǵan dáryasın topıraq penen úyip, bógep taslamaqshı boladı hám bul isti qılma dese de heshkimniń aytqanına júrmeydi, qayta adamlarǵa qırsıǵıp dárya suwın ábden qurıtpaqshı boladı.

Sol waqıtta xalıqtıń ishinen kópti kórgen, aqıllı bir kempir dáwdi toqtatıwdıń jolın tabadı hám dáwge qılıp atırǵan isleriniń kerisin aytadı. Usı dáryanı bóge, xalıq ashtan qalsın,- deydı.

Sóytip qırsıq, ójet dáw ójetligi tutıp, "seniń aytqanıńdı qılamanba",- dep etegindegi topıraqtı bir shetke tógip taslap dáryanı baylamaǵanım bolsın, dep ketip qalıptı. Sonnan dáwdiń etegindegi bir qısım úyilgen topıraqtan sol jerde taw payda bolıptı desedi. Bul taw bolsa waqıttıń ótiwi menen Tók tawı dep atalıptı. Ertek, dástan, ápsanalardaǵı dáw obrazları bir-birinen ózgeshelenedi.

Xalıq awızeki dóretpelerinde ushırasatuǵın miflik obrazlardıń jáne biri ***pir obrazı.*** Pirler epikalıq dóretpelerde bas qaharmanlarǵa, batırlarǵa járdem beriwshi, olardı júrgen jerinde túrli bálelerden saqlawshı unamlı obraz sıpatında súwretlenedi. Olar kópshilik jaǵdayda kózge kórinbes, bıraq qúdretli kúshke iye bolǵan shaxslar. Batırlar jıǵılǵan jerinde yáki qıynalǵan waqtında pirlerden mádet soraǵan. Pir obrazı qaraqalpaq folklorında dástan, ertek, ańız hám ápsanalarda ushırasadı. Olardan Yusup, Dawıt, Ibrayım, Ismayıl, Qızır Ilyas, Shaxmardan, Házireti Áliy kibi pirler atamalarınıń qollanılǵanın kóremiz. Sonday-aq, hárbir nárseniń óz pirine sıyınatuǵın bolǵan. Máselen, jılqınıń piri – Jılqıshı ata, qoydıń piri Shopan ata, hayallar qıyınshılıq kórgende Biybipatmaǵa sıyınǵan. Qaraqalpaq xalıq ápsanalarınan biri "Múyten"[9] atlı ápsanada Qıdır ata Múytendi bultqa mingizip óz eline jiberedi. Qıdır atanıń bunday ilahiy kúshke iye bolıwı kópshilik ápsana hám dástanlarda aytılǵan.

Belgili folklorist alım Q.Ayımbetov ta bılay dep jazǵan: "Kóbinese jaw kúshli bolǵan jaǵdayda batırlar bir káramatlı kúsh arqalı jawın jeńedi. Kóp dástanlarda batırdı qollaytuǵın piri Ǵayıp eren Qırıq shilter yáki Qıdır ata bolıp keledi. Al, tek ǵana "Alpamıs" dástanında Jayılǵan baba Alpamıstı qollaytuǵın piri boladı."[10]

Bulardan basqa da folklorımızda *peri obrazı, suymırıq, búlbilgoya, qaraqus kibi quslar, jeztırnaq t.b* mifologiyalıq obrazlardı ushıratamız. ***Jeztırnaq*** hayal kórinisindegi tırnaqları uzın bolǵan adam awlawshı qáwipli maxluq sıpatında súwretlenedi. Ol toǵaylarda jasaydı. Bul tuwralı folklorımızda ayırım ápsanalar da bar.

Qaraqalpaq xalıq ertekleri arasında da sıyqırlı ertekler óziniń ǵayrıtábiyiy qaharmanları, qıyalıy syujetleri menen oqıwshınıń itibarın tartadı. Sıyqırlı erteklerde qaharmanǵa, sıyqırlı buyımlar, sıyqırlı janzatlar, dáw hám periler járdem beredi. Sıyqırlı ertekler quramındaǵı sonday obrazlardan kóp ushraytuǵını bul mifologiyalıq qus obrazı bolıp tabıladı. sıyqırlı erteklerde eń kóp ushraytuǵın mifologiyalıq qus obrazı bul ***Suymuruq*** bolıp tabıladı. Suymuruq sıyqırlı ertekler kompoziciyasında qaharmanǵa járdem beretuǵın epikalıq qáwender wazıypasın atqaradı.

Kópshilik sıyqırlı erteklerde qaharman Suymuruqǵa járdem beredi, onı bálelerden qutqaradı. Bunıń ornına Suymuruq da qaharmanǵa járdem beredi. Kópshilik jaǵdaylarda bul qus qaharmandı adam ayaǵı jetip bara almaytuǵın mifologiyalıq mákanǵa alıp barıp qoyadı yamasa jer astı saltanatına alıp barıp keledi. Qaraqalpaq folklorında miflesken ápsanalardıń birinde: *"Áyyem zamanlarda jer bolmaǵan, onıń ornın qurı suw iyelep turǵan. Suymuruq degen qus suwdıń astınan uyıqtı tumsıǵına salıp alıp shıǵıp ózine uya isley baslaydı.*

---

[9] Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 77-87 том. – Нөкис: "Илим", 2014.71-б
[10] Айымбетов Қ. Халық даналығы. Нөкис, «Қарақалпақстан» -1988. 108-б.

*Sol uyıq uyaǵa shań-tozań, shóp-shalańlar jıynalıp úlken jerdi payda etedi. Sonnan jer payda bolǵan eken*[11] *",* - degen ápsana túrleri de ushırasadı. Demek, bul jerde qustıń mifologiyalıq qásiyetlerin, kózge kórinbes kúshke iye ekenligin kórsek boladı.

Epikalıq dóretpelerde ***peri*** obrazı da kóp ushırasadı. "Peri" sózi parsı tilinen kelip shıqqan bolıp, "kesapatlı kúsh" degen mánini bildiredi. Bıraq, shıǵıs xalıqları folklorında keń taralǵan bul obraz kóbinese bul mánide emes, sulıw, kórkem qız sıpatında gewdelenedi. Ol bas qaharmannıń súyiklisi, járdemshisi, sıyqırshı, duwaxan, jamanlıqqa qarsı hayal sıpatında beriledi. Ayırım ertek hám dástanlarda bolsa ol hiyle jolı menen qaharmanlardı joldan azdırıwshı mákkar qız retinde de kóremiz. Peri kóbinese qus, hasıl haywan kebinde júredi hám qálegen waqtında qálegen qus, haywanǵa aylana aladı.

Solay etip, qaraqalpaq folklorında epikalıq dóretpelerde ushırasatuǵın bul miflik obrazlarda xalqımızdıń bir neshe ásirlik turmıs tárizi, dúnyaǵa, jámiyetke bolǵan kóz qarasları, úrp-ádetleri, arzıw-ármanları óz sáwleleniwin tapqan boladı. Olarda erte dáwirdiń belgileri seziledi. Dástanlarda bul obrazlar arqalı xalqımızdıń kóp ásirlerden berli jaqsı kúnlerge umtılıp, jawızlıqlarǵa qarsı gúresip kelgenligin kóriwge boladı. Xalıqtıń, batırlardıń jaqsılıq jolındaǵı islerine, háreketlerine hár túrli pirler olardı qollap-quwatlap járdem berse, mástan kempir, dáw, aydarha, peri hám jaman niyetli basqa da obrazlar jamanlıqtıń tárepdarları sıpatında súwretleniledi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**


1. Айымбетов Қ. Халық даналығы. Нөкис, «Қарақалпақстан» -1988. 108-б.
2. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. 2-том. – Нөкис: "Қарақалпақстан", 1977. 171-б
3. Калкабаева С. Коркем образ поетикасы. Вестник КазНУ. 124-б
4. Эшонқулов Ж. Ўзбек фольклорида дев образининг мифологик асослари ва бадиий талқини: кон.дисс. – Тошкент. 1996.
5. Калкабаева С. Коркем образ поетикасы. Вестник КазНУ. 124-б
6. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 77-87 том. – Нөкис: "Илим", 2014. 25-б.
7. Qaraqalpaq xalıq ertekleri. Nókis: "Qaraqalpaqstan", 2019. 87-b


[11] Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 77-87 том. – Нөкис: "Илим", 2014. 25-б.